Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет
## Гумбет районалъул газета

№ 27 (6607) 2 июль 2018 с. Итни Шаввал 1439 с. Багьа 5 гъур.




СИЯСАТ

# Унтилелде цIуне сахлъи, бекилелде къай бетIер

### Бакълъулазул районалда тIобитIана районалъул Собраниялъул иргадулаб сессия

**Сессиялда гIахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулел, росабазул поселениязул бутIрул, районалъул сахлъи цIуниялъул цолъиялъул хIалтIухъаби ва цогидалги.**



Сессия рагъана ва бачана районалъул Собраниялъул председатель МухтарахIмад АхIмадовас.

Гьоркьор лъуна: 1) «Гумбет районалъул гIадамазе медицинаялъулаб хъулухъ гьабиялъул бугеб хIал ва сахлъи цIуни цебетIезабиялъе ресал»;

2) «Гумбет район» муниципалияб районалъул уставалда хиса-басиял ва тIадежураял гьариялъул хIакъалъулъ»;

3) «Гумбет районалъул прокуратураялде нормативиял правовиял актал, гьезул проектал кьеялъул низамалъул хIакъалъулъ»;

4) «Депутатазул Собраниялъул хIаракатчилъиялъул хIакъалъулъ информациялъулгун лъай-хъвай гьабиялъул къагIида тасдикъ гьабиялъул хIакъалъулъ;

5) «2018 соналъе ва 2019-2020 соназул плановияб заманалъе районалъул бюджеталда хиса-басиял гьариялъул хIакъалъулъ» ва цогидалги суалал.

ТIоцебесеб суалалда тIасан доклад гьабуна районалъул сахлъи цIуниялъул цолъиялъул бетIерав тохтур МухIамад СайгидахIмадовас.

«ГIадамазе медицинаялъул хъулухъ гьабулеб буго цо районалъулаб,ункъго участкаялъулаб больницабаз, ункъго ФАПалъ ва 17 фельдшерлъиялъул пункталъ. ХIалтIулев вуго 40 тохтур, 158 гьоркьохъеб лъаялъул медхIалтIухъан. Гьез хIаракат бахъулеб буго лъималазул, хIалтIул гIумруялда ругезул, харабазул сахлъи цIуниялъул хIалтIи лъикI гIуцIизе.

Хасаб кIвар кьолеб буго халкъалъул диспансеризация гьабиялде. ТIоцебесеб квартаталъ гьеб гьабуна 640 чиясул, тIоцебесеб этап 260 чиясул. Диспансеризация гьаби гIуцIакьан тIобитIизе рес кьелаан росабазул поселениязул бутIруз, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулез гьелъул кIвар бичIчIун, хIалтIухъаби, росдал гIадамал медицинаялъул учрежденияздe ритIиялъе кумек гьабулебани. Унтаби чорхолъ ккелелде, байбихьулаб стадиялдаго сахгьабизе бигьалъула, кватIизе тани захIмалъула, диспансеризациялъ гIузраби хехго загьир гьариялъе квербакъула», - ян абуна МухIамад СайгидахIмадовас. Гьес бицана педиатриялъул, терапиялъул, хирургиялъул, инфекциялъул, офтальмологиялъул, амбулаториялъулгун поликлиникаялъул хъулухъаз гьабураб хIалтIул, койка-къоязул план 112 процентalъ тIубаялъул, лъималазул сахлъиялда хадуб хьаравуллъи ккеялде хасаб кIвар кьолеб букIиналъул, санаториябгун курорталъулаб сахгьариялде 37 лъимер битIиялъул ва гь. ц. .

Докладчиясе сессиялда гIахьаллъаразул цо-цояз кьуна суалал, гьезие СайгидахIмадовас жавабалги кьуна.

Районалъул Собраниялъул председатель МухтарахIмад АхIмадовас бицана сессия ахIилелде депутатазул комиссия районалъул централияб больницаялде, Гьоркь Инхо, Игьали, ЧIиркъатIа, Цияб Аргъвани участковиял больницабазде щвеялъул, гьенир бетIерал тохтурзабигун, медицинаялъул хIалтIухъабигун, больницабазда регарал унтаралгун дандчIваялъул. Рехсана гьенир ратарал лъикIал-квешал рахъал. Абуна гIамм гьабун босани, гIадамазе медицинаялъул хъулухъ гьаби лъикI гIуцIун батанилан, унтаралги рази руго анин.

КIиабилеб суалазда хурхун кIалъай «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул юридическияб отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидовас, лъабабилеб ва ункъабилеб суалалдасан – законодательствоялъул, законал ва низам цIуниялъул комиссиялъул нухмалъулев Сурхай Сурхаевас гьабуна. «Гумбет район» муниципалияб районалъул 2018 соналъе, 2019 ва 2020 соназул плановияб заманалъе бюджеталда гьаризе хIисабалде росарал хиса-басиязул бицана райадминистрациялъул финансазул отделалъул нухмалъулев РурухIма Халидовас.

Щибаб гьоркьоб лъураб суалалда хурхун депутатаз киналго разилъун къабул гьаруна хIукмабиги.

Медицинаялъул хIалтIухъабазул махщалилаб байрамалъул къоги кIодо гьабун, гьебги баркун, «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас районалъул администрациялъул рахъалдасан грамотаби кьуна гIемерсоназ ва жигарчилъиялда хIалтIарал медицинаялъулал хIалтIухъаби лъималазул тохтур Кьурмагьиз Гебековалъе, централияб больницаялъул терапиялъул, хирургиялъул, лъимал гьарулеб отделениязул кIудиял медсестраби ХIавра РурухIмаевалъе, ХIабизат АхIмадовалъе, Алписат МухIамадовалъе, Игьали участковияб больницаялъул кIудияв медбрат АхIмад ГIусмановасе, Гьарадирихь фельдшерлъиялъулгун акушерлъиялъул пункталъул нухмалъулей ХIапизат ГIалихIажиевалъе, Гьоркь Инхо участковияб больницаялъул кIудияй медсестра ГIайшат МухIамаднуровалъе.

**Кьурмагьиз ХIадисова**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Терроризмалъул ва экстремизмалъул идеологиялда данде кьеркьей

-2 гьум.




Курак: даруяб ва хайираб ниг1мат

-2 гьум.



190 чиясе хъулухъ, культураялъул учреждениязда 17 тадбир, бакълъулал республикаялъул фестивалалда

-2 гьум.



ГIемерсоназулаб ракIбацIцIадаб хъулухъалъе гIоло

-3 гьум.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.

Инхоса Пали-хIажи

№ 27 2 июль 2018 с.

АНТИТЕРРОР. ДУНЯЛАЛЪЕ РЕКЪЕЛ

## Терроризмалъул ва экстремизмалъул идеологиялда данде къеркьей

### Районалъул администрациялъул коллегиялъул данделъи

**27 июналда Бакълъулазул районалда тIобитIана райадминистрациялъул коллегиялъул данделъи. Гьениб гьоркьоб лъуна терроризмалъул ва экстремизмалъул идеологиялда данде къеркьеялъул хIакъалъулъ суал.**



Данделъи рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас.

Докладгун кIалъазе вахъана терроризмалда данде чIараб районалъул комиссиялъул бетIерав специалист Расул Даитбегов. 2013-2018 соназда терроризмалъул идеологиялда данде чIараб комплексияб программа Гумбет районалда гIумруялде бахъинабиялъе гьабураб хIалтIул бицана гьес.

«Гумбет районалда 2017 соналъ ва 2018 соналъул тIоцебесеб бащдаб лъагIелалъ гIодобе биччараб, жамгIиябгун политикияб ахIвал-хIал букIана. 2018 соналъул хIисаб кьеялъул заманалда тIобитIана АТКялъул лъабго плановияб заседание. ТIоритIана культуриял акциял, гIадамазда экстремизмалъул ва терроризмалъул идеологиялъул зарал бичIчIинабиялъул мурадалда. Мажгитазда ДРялъул муфтияталъул вакилзабиги къабул гьарун, гьебго темаялда вагIзаби гьарула», - ян абуна Расул Даитбеговас.

Данделъиялда гьединго кIалъазе рахъана Бакълъулазул районалъул имам Шамил Назиров, муниципалиteталъул администрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас, культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадов ва цогидаги.

Районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас хIасилал гьаруна данделъиялъул.

«Нухмалъулезул хIалтIул аслиязул цоябльун ккола хIинкъигьечIольи букIинаби, экстремизмалъул ва терроризмалъул идеологиялда данде къеркьей. Разилъула бакълъулазда гьоркьор экстремизмалъул ва терроризмалъул идеял тIиритIун гьечIолъиялдаса. Гьелъулъ мустахIикъаб бутIа буго пачалихъияб властаалъул ва гIадлу-низам цIуниялъул органазул, рухIиял церехъабазул ва цогидалги жамгIиял гIуцIабазул хIаракатаб хIалтIул хIасил», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Ахиралда къабул гьабуна хIукмуги.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

БАРКИ

## 3 июль – ГИБДДялъул хIалтIухъабазул байрамкъо

**ХIурматиял нухазда хIинкъи гьечIольи цIуниялъул Пачалихъияб инспекциялъул хIалтIухъаби! Баркула нужеда махщалилаб байрам!**

Сордо-къо батIалъи гьечIого, багIараб бакъукьги, балеб цIадакьги, хасало гIазо балеб заманалдаги нужеца тIубазабула нухазда дежурство гьабиялъул хIалтIи, кверабакъи гьабула гьоркьоб кьотIи гьечIого нухазда автотранспорт хьвадиялъе, авариял ккей гьукъиялъе, хIажалъи ккаралъуре кумекалъе тIоцере уна. Нужеца цIунула нухаздасан хьвадулезул гIумру ва сахлъи. Ккогеги нухазда автоавариял, бачIунгеги рахIат хвараб хабар лъилго рокьобе. Тавпикъ кьеги хадубккунги нужерго намусги районалъул цIарги бацIцIадго цIунизе.

Гьарула нухазда гIодобе биччараб ахIвал-хIал, ГИБДДялъул хIалтIухъабазе ва ветераназе, гьезул хъизабазе сахлъи, талихI-рохел.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

ХIАЛИЛ АНКЬ

## Курак: даруяб ва хайираб нигIмат

### Бакълъулазул районалда тIобитIана ахбазан бакIариялъул сезон байбихьиялда хурхун пресс-тур

**22 июналда Бакълъулазул районалъул администрациялъ гIуцIана, ахбазан бакIариялъул сезон байбихьиялда хурхун, пресс-тур. Гьелъул гIахьалчагIи щвана ахакье, хIалбихьана батIи-батIияб сорталъул ахбазаналъул тIагIамалъул,** хвезабуна, гьедин бугониги, гьаб соналъул пихьил бачIин лъикIаб буго бакълъулазул. Ахирияб соназ, ахихъанлъи цебетIезабиялъул программаги тIубазабулаго, районалъул ракьалда цIиял ахал чIана. Ахихъабазе пачалихъалъ кумек гьабулеб буго. Нильер



**лъай-хъвай гьабуна ахихъанлъиялъул бутIаялда ругел хIасилазулгун.**

Республикаялъул журналистазда дандчIвай гьабуна «Гумбет» газеталъул ва «Аварпресса.ру» порталалъул бетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов, «Гумбет район» муниципалияб районалъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулев ХIусен Мутаев ва цогидалги.

Бакълъулазул районалде рачIана ТАССалъул «Это Кавказ» порталалъул, цогидалги СМИязул вакилзаби. Гьалбадерица лъай-хъвай гьабуна ахбазан бакIариялъул бакълъулазул къагIидаялъулгун, барщараб пихь ГIандигIоралда тIасан, жидецаго хIадурарал фуникулерaз (раса) баччулеб куцалъулгун.

«Ихдал квач баккун букIана, пихьил цо къадар цIороялъ район умумулъаго машгьураб буго тIиял гьарун ахал гIезариялдалъун. Ахбазаналъул ва цогидаб пихьил батIи-батIиял сортал улкаялъул гIемерал регионазул базаразде уна. Районалъул экономикаялда, муниципалитеталъул АПКялда кIудияб бакI ккола ахихъанлъиялъул бутIаялъ. Районалъул администрациялъ хадубккунги рахъккезе буго ахихъабазул, хIаракат бахъизе буго, ахихъанлъи цебетIезабиялъе гIоло, федералияб ва республикаялъул программаялда гьорлъе ккезе», - ян абуна ХIусен Мутаевас.

Ахихъабаз бицана пихь бичиялъулъ дандчIвалел захIмалъабазул. Пихь бичун босулел гIадамал районалде рачIунел руго, гьезие щолеб буго экологиялъул рахъалъ рацIцIадал нигIматал. Ахбазаналъул цо бутIа гIадамаз бакъвазабулеб буго.

**«Гумбет» РИО**

ХАЛКЪАЛЪУЛ УРГЪАЛИДА

## 190 чиясе хъулухъ, культураялъул учреждениязда 17 тадбир, бакълъулал республикаялъул фестивалалда

### Бакълъулазул районалда гьоркьоб лъуна пачалихъиял ва муниципалиял хъулухъал камилго гIуцIиялъул суал

**25 июналда «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялда тIобитIана халкъалъе пачалихъиял ва муниципалиял хъулухъал камилго гIуцIиялда хурхараб суал гьоркьоб лъураб данделъи.**



Данделъиялда гIахьаллъи гьабуна учреждениязул ва гIуцIабазул нухмалъулез, федералиял, республикаялъулал ва бакIалъул хъулухъазул вакилзабаз. Данделъи рагьана ва бачана Бакълъулазул районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Хъарагишиевас.

Дагъистаналъул МФЦялъул Гумбеталъул филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас бицана араб анкьалъ пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъ 190 чиясе гьабунилан.

Районалъул администрациялъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас абуна библиотекабазда ва клубазда 17 маданияб тадбир тIобитIанин, фестивалазда ва конкурсазда гIахьаллъанин. «Араб анкьалъ ниж гIахьаллъана халкъиял музыкалиял тIагIелазул фестивалалда, гьединго «ЧIужугIадан – ракълил ва лъикIлъиялъул цеехъан» абураб республикаялъулаб фестивалалда», - ян абуна Рамазан МухIамадовас.

Районалъул централияб больницаялъул бетIерав тохтур МухIамад СайгидахIмадовас баян гьабуна сахлъи цIуниялъул учреждениязда бугеб хIал. «ГьабсагIат районалъул централияб больницаялда сах гьавулев вуго 60 унтарав. Районалъул киналго медицинаялъул хIалтIухъабазул гIахьаллъигун тIобитIизе буго совещание. Гьенир гьоркьор лъезе руго сахлъи цIуниялъул гIуцIабаз 2018 соналъул бащдаб лъагIелалъ гьабураб хIалтIул хIасилал», - ян бихьизабуна МухIамад СайгидахIмадовас.

Ахиралда районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Хъарагишиевас гьабулеб хIалтIул мунпагIат цIикIкIинабиялде ралагьарал дандрекъон кколел тIадкъаял къуна.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

КЪАБУЛЕБ БУГО ЦIЦУМУР

# Бакълъулазул делегация гIахьаллъана Дагъистаналъул мугIалимазул ассоциациялъул данделъиялда

**Каспийск шагьаралда лъайкьеялъул республикаялъулаб централда тIобитIана Дагъистан Республикаялъул мугIалимазул Ассоциациялъул гIатIидаб данделъи.**

Гьеб тадбиралда гIахьаллъи гьабуна Бакълъулазул районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас, гьебго отделалъул информациялъулгун методикияб централъул нухмалъулев Загьид ХIусеновас, Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиевас ва цогидазги.

Данделъиялда гьоркьор лъуна инновационнияб хIаракатчилъиялда мугIалимзабазе методикияб кумек гьабиялъул, гIолохъанал специалистазул махщел камил гьабиялъул хIакъалъулъ ва цогидалги суалал.

**«Гумбет» РИО**

ХАНЗАБАЗУЛГИ ХАН ХЪАХIАВ ХАН ВУГО

# Лъимал гIемерай эбелалъе пенсия чIезабиялъул ихтиярал ва къагIидаби

**«Гумбет» газеталъул хIалтIухъан дандчIвана Россиялъул пенсиязул фондалъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев ТIалхIат Жамалудиновгун ва гьес чанго суалалъе жавабал кьуна.**

**- Лъимал гIемерай эбел (многодетная мать) абураб категориялъул руччабазе пенсия чIезабиялъул ихтиярал ва бигьалъаби кинал ругел?**

-№400-ФЗ Федералияб Законалъул 28 статьялъул пункт 1 подпункт тIоцебеселда рекъон- «5 ва цIикIкIун лъимер гьабурай ва гьел киналго лъимал 8 сонил гIумруялде рахинегIан хьихьарай, жиндир 15 сонил хIалтIул стаж бугей Россиялъул гражданкаялъул пенсиялде 50 сон барабго ине ихтияр буго».

Законалъ тIадехун рехсараб пенчия щвезе ккани цере лъурал масъалабилъун ккола:

1. РФялъул гражданство букIин
2. ЧIужугIадан йикIин
3. Щуго лъимер букIин
4. Киналго лъимал 8 соналде рахарал рукIин
5. 15 сонил стаж букIин
6. 50 сонил гIумруялде яхун йикIин

ТIоцебесеб, кIиабилеб ва анлъабилеб пунктал ричIчIунел, тIад дагIба кколарел ратаниги, 3.4.5. пунктал суалал раккулеллъун руго.

3 пункт. «ГIемер лъимал ругей эбел» абураб термин хъулухъалъулал идарабаз ва гIадамаз батIи-батIияб магIнаялда бицуна.

Мисалалъе: гIемер лъимал ругей эбел 5 соналъ цее пенсиялде ине ихтияр бугей кколищан гьикъани, жаваб букIина ихтияр буго цоязе, цойгидазе гьечIоян. 5 лъимер бугей эбел пенсиялде ина 50 сон барабго щугоялдаса дагьал лъимер бугей ина пенсиялде 55 сон бан хадуй.

4 пункт. Законалъ щуго лъимер 8 соналде рахарал



рукIин тIалаб гьабун гурони, щиб гIилаялдалъун 8 соналде рахинчIелали хал гьабизе хIисабалде босун гьечIо.

- чIужугIадан-эбеллъиялъул ихтияралдаса махIрум гьаюн йикIин;

-лъимер 8 сон балелде хун букIин; гьединал хIужабаздалъун пенсия чIезабизе ихтияр Законалъ кьоларо.

-ЧIужугIадан эбеллъиялъул ихтияралдаса махIрум гьайидал (лишение материнских прав) пенсия чIезабиялъул къагIидаби кинал ругел?

- РФялъул хъизаналъул кодексалъул 71 статьялъул 1 пункталда абулеб буго эбеллъиялъулаб ихтияралдаса махIрум гьабуралъул пенсиялде ине ихтияр букIунарин.

Мисалал: 8 сон бараб 5 лъимер бугей эбел, ахирисеб лъимералъе эбеллъиялъул ихтияралдаса махIрумлъани, гьелъиеги пенсия 5 соналъ цебе къезе ихтияр гьечIо.

ЧIезабун пенсияги букIаго, чIужугIадан гьелдаса хадуй эбеллъиялъул ихтияралдаса махIрум гьаюни, пенсия хвезабизе Законалъ гьукъун буго.

Эбелалъул бугони 10 лъимер, гьезул щуго лъимералъе эбел махIрум гьаюн йигони эбеллъиялъул ихтияралдаса, гьей эбелалъе 50 сон барабго пенсия чIезабила, хутIараб 5 лъимер хIисабалде босун.

ЧIужугIадан эбеллъиялъул ихтияралдаса махIрум гьаюн гьечIони, амма эбел батIа, лъимал батIа гIумру гьабулел ругони ( рагьулаб училищеязда цIалулел, хIатта детдомалда, кIодоэбелалда аскIор), законалъ гьаниб эбелалъул рахъ цIунун, ихтияр кьолеб буго цадахъ гьечIин абураб хIужа хIисабалде босичIого тезе ва 50 сон барабго пенсиялде ине.

Хъизамалда тарбия кьолеб батани 3 цадахъал ва 2 росасул лъимал, эбелалъ кIиго лъимер васлъун, яслъун гьаризе ккола, гьей пенсиялде 5 соналъ цее ине ккани. Гьаниб хал гьабизе гьечIо кидаялдаса кIиго лъимадуе тарбия кьезе байбихьарабали, аслиябльун ккола 8 сон балелде лъимал васлъун , яслъун гьарун рукIин.

Лъималазе микьго соналде щвезегIан эбелалъ тарбия кьунин абураб справка кьола росдал администрациялъ

**Гара-чIвари гьабуна**
**Къурмагъиз ХIадисовалъ**

БАРКУЛА

## ГIемерсоназулаб ракIбацIцIадаб хъулухъалъе гIоло

**Сахлъи цIуниялъул ишалъулъ росарал лъикIал хIасилазе ва гIемерсонилаб ракIбацIцIадаб хIалтIуе гIоло Бакълъулазул районалъул централияб больницаялъул бетIерав тохтурасул сахгьариялъул хIалтIул рахъалъ заместитель Абакаров УхIумагIали (МухIамадхIабиб) Абакаровичасе кьун буго "Дагъистан Республикаялъул сахлъи цIуниялъул отличник" абураб цIар.**



**Баркула Абакаровасда гьеб хIурматияб цIар.**



**Ингишо росдал авал**

КЬУРУЛЪ КЬАБУРАЛ МАГIАЛ…

## МелъелтIаса ХIабиб ГIабасов эркенаб гугариялъул рахъалъ ЮФОялъул чемпионлъун вахъана

**Бакълъулазул районалъул МелъелтIа росулъа ХIабиб ГIабасовас бергьенлъи босана 65 кг. щвезегIан цIайиялда эркенаб гугариялъул рахъалъ Югалъул Федералияб округалъул чемпионаталда. Кьецал тIоритIана Краснодар краялъул Гулькевичи шагьаралда дагьал церегIан къояз.**



Сочи шагьаралда 1-5 августалда тIобитIизе бугеб Россиялъул чемпионаталда гIахьаллъизе путевка щвана ХIабибие, гьениб бергьенлъи босиялъул хIасилалда.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас ХIабиб ГIабасовасда баркана бергьенлъи ва гIолохъанав речIчIухъанасе гьарана хадуркунги спорталъулъ церетIеял.

«Россиялъ речIчIухъанлъиялъул дунялалда цебесеб бакI ккун буго. Нилъер улкаялъул тIаса бищараб командаялъ тIоцебесеб бакI ккуна Каспийск шагьаралда гьаб соналъул ихдал тIобитIараб спортивияб гугариялъул рахъалъ Европаялъул чемпионаталда. Спортсменазул гIолохъанаб гIела-лъул бергьенлъабаз дун рази гьавун вуго. ХIабиб ГIабасовасда цоги нухалъ баркула ЮФОялъул чемпионаталда тIоцебесеб бакI кквей ва цIия-цIиял бергьенлъаби гьарула гьесие», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

**«Гумбет» РИО**

ДОКУМЕНТЫ

# Собрание депутатов муниципального района «Гумбетовский район»

**27 июня 2018 г.** **Решение № 57** **с.Мехельта**

**О внесении изменений и дополнений в решение Собрания депутатов муниципального района «Гумбетовский район» № 80 от 10.09.2015 «О порядке формирования, управления и распоряжения собственностью муниципального района «Гумбетовский район»**

**В соответствии со статьей 295 Гражданского кодекса Российской Федерации, статьей 62 Бюджетного кодекса Российской Федерации, статьей 55 Федерального закона от 6 октября 2003 года N 131-ФЭ "Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», статьей 17 Федерального закона от 14 ноября 2002 года N 161-ФЗ "О государственных и муниципальных унитарных предприятиях», статьей 12 Устава муниципального района «Гумбетовский район», Собрание депутатов муниципального района «Гумбетовский район» решило:**

Внести в решение Собрания депутатов муниципального района «Гумбетовский район» № 80 от 10.09.2015 «О порядке формирования, управления и распоряжения собственностью муниципального района «Гумбетовский район» следующие изменения:

утвердить Порядок перечисления муниципальными предприятиями МР «Гумбетовский район» в районный бюджет части прибыли, остающейся после уплаты налогов и иных обязательных платежей (приложение № 12);

утвердить расчет части прибыли муниципального унитарного предприятия муниципального района «Гумбетовский район», остающейся после уплаты налогов и иных обязательных платежей, подлежащей перечислению в районный бюджет (приложение к Порядку перечисления муниципальными предприятиями МР «Гумбетовский район» в районный бюджет части прибыли, остающейся после уплаты налогов и иных обязательных платежей)

Настоящее решение вступает в силу с момента его принятия, подлежит официальному опубликованию и распространяется на правоотношения, возникшие с 1 января 2018 года.

**Глава МР «Гумбетовский район» Х. С. Магомедов**

**Председатель Собрания депутатов М. М. Ахмедов**

ДОКУМЕНТЫ

Приложение № 12 к решению Собрания депутатов МР «Гумбетовский район» от 27 июня 2018 N 57

# Порядок перечисления муниципальными предприятиями муниципального района «Гумбетовский район» в районный бюджет части прибыли, остающейся после уплаты налогов и иных обязательных платежей

**1. Настоящий Порядок перечисления муниципальными унитарными предприятиями муниципального района «Гумбетовский район» в районный бюджет части прибыли, остающейся после уплаты налогов и иных обязательных платежей (далее - Порядок), разработан в целях повышения эффективности использования муниципального имущества и обеспечения поступления в бюджет части прибыли муниципальных унитарных предприятий (далее - предприятия).**

2. Настоящий Порядок определяет:

- размер перечисления части прибыли муниципальных унитарных предприятий, остающейся после уплаты налогов и сборов и осуществления иных обязательных платежей;
- процедуру и сроки перечисления предприятиями в районный бюджет части прибыли, остающейся после уплаты налогов и иных обязательных платежей (далее - часть прибыли).

3. Норматив отчислений части чистой прибыли предприятий, остающейся после уплаты налогов и сборов и осуществления иных обязательных платежей и подлежащей зачислению в районный бюджет, устанавливается в размере не более 15%.

Размер части прибыли муниципальных предприятий муниципального района «Гумбетовский район», перечисляемой в районный бюджет, устанавливается решением Собрания депутатов муниципального района «Гумбетовский район» о районном бюджете на очередной финансовый год и плановый период.

4. Отчетным периодом для предприятий признается календарный год.

5. Руководители предприятий в составе годовой отчетности представляют в администрацию муниципального района «Гумбетовский район» «Расчет части прибыли муниципального унитарного предприятия муниципального района «Гумбетовский район», остающейся после уплаты налогов и иных обязательных платежей, подлежащей перечислению в районный бюджет» по форме согласно приложению к Порядку (далее - расчет части прибыли).

6. Часть прибыли, подлежащая перечислению в районный бюджет, исчисляется предприятиями самостоятельно по результатам финансово-хозяйственной деятельности по истечении отчетного периода в соответствии с пунктом 3 настоящего Порядка.

7. Перечисление части прибыли осуществляется предприятиями по итогам работы за календарный год не позднее 30 июня года, следующего за отчетным годом.

В случае отсутствия у предприятия финансовой возможности перечисления части прибыли единым платежом в установленные сроки по ходатайству муниципального предприятия глава администрации муниципального района «Гумбетовский район» вправе предоставить отсрочку (рассрочку) платежа по согласованному обеими сторонами графику перечисления предприятием в районный бюджет части прибыли. Предоставление отсрочки платежей и график перечисления части прибыли в районный бюджет утверждаются правовым актом главы администрации муниципального района «Гумбетовский район». Сроки уплаты платежей устанавливаются в пределах финансового года.

8. Руководители предприятий несут персональную ответственность за достоверность данных о результатах финансово-хозяйственной деятельности предприятий, своевременное представление отчетности и расчетов части прибыли, правильность исчисления, полноту и своевременность перечисления части прибыли в районный бюджет.

9. Администрация муниципального района «Гумбетовский район» обеспечивает контроль за полнотой и своевременностью перечисления предприятиями части прибыли в районный бюджет.

10. При установлении факта неправильного исчисления предприятиями части прибыли, подлежащей уплате, администрация муниципального района «Гумбетовский район» направляет предприятиям уведомление с указанием уточненной суммы, подлежащей перечислению в районный бюджет.

11. За несвоевременное и неполное перечисление в районный бюджет части прибыли предприятие уплачивает пени по ставке, равной одной трехсотой действующей ставки рефинансирования Центрального банка Российской Федерации от суммы невнесенного платежа за каждый день просрочки, начиная со дня, следующего за установленным сроком внесения платежа, по день фактической уплаты включительно.

12. В случае необходимости Собрание депутатов муниципального района «Гумбетовский район» может инициировать, а глава администрации муниципального района «Гумбетовский район» может назначить проверку достоверности отражения в бухгалтерской отчетности прибыли, убытков муниципального предприятия.

13. В случае выявления фактов занижения размеров части прибыли, подлежащей перечислению в районный бюджет, при сдаче бухгалтерских отчетов, а также по результатам проверок предприятие уплачивает недоимку и пени в соответствии с пунктом 1 1 Порядка.

# Приложение. Расчет части прибыли муниципального унитарного предприятия муниципального района «Гумбетовский район», остающейся после уплаты налогов и иных обязательных платежей, подлежащей перечислению в районный бюджет

**Приложение к Порядку перечисления муниципальными предприятиями муниципального района «Гумбетовский район» в районный бюджет части прибыли, остающейся после уплаты налогов и иных обязательных платежей**

(Наименование предприятия)

**По состоянию на ____________ 20____ года**

**Идентификационный номер налогоплательщика**

____________________

**Единица измерения, руб.**

| N п/п | Наименование показателя | По данным предприятия | По данным администратора доходов бюджета |
|---|---|---|---|
| 1 | Чистая прибыль (убыток) отчетного периода | | |
| 2 | Расходы предприятия, не соответствующие критериям, указанным в п. 1 ст. 252 Налогового кодекса Российской Федерации<*> | | |
| 3 | Прибыль предприятия, принимаемая для расчета части прибыли, подлежащей перечислению в бюджет (строка 1 + строка 2) | | |
| 4 | Размер части прибыли предприятий, подлежащей перечислению в районный бюджет, в процентах | | |
| 5 | Часть прибыли, подлежащая перечислению в районный бюджет, за отчетный период (строка 3 x строка 4 / 100) | | |
| 6 | Часть прибыли, подлежащая уплате в отчетном периоде | | |

Руководитель ____________ ____________ «___» 20_ г.
(подпись) (расшифровка подписи)

Главный бухгалтер ____________ ____________ «___» 20_ г.
(подпись) (расшифровка подписи)

Расчет проверен ____________ ____________ «___» 20_ г.
(подпись) (расшифровка подписи)

____________

<*> Расшифровка расходов предприятия предоставляется отдельным приложением.

ЗИГАРА

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъ гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго, «Село Верхнее Инхо» росдал поселениялъул администрациялъул бетIер МухтарахIмад МухIамадовасда, вакьад МуртазагIали Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.**

**Хварасе ахират лъикIаб кьун батаги, нахъе ругезе халатаб гIумруги кьеги.**

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул
адрес: 368930 Гумбет район,
МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспонденталл:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос»
типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Петр
ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан
«Гумбеталъул колхозчи»,
«Вождасул васиятал»,
«Бакълъулазул нур» абурал
цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1090
Газета къватIибе
биччазе гъулбасана,
графикалда рекъон: 16 с. 00,
хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.